

Fèy Evalyasyon Risk Ovèdoz ak Planifikasyon Sekirite

Dwòg ki diferan fè efè ki diferan, epi gen kèk dwòg ki gen plis chans pou yo fè moun fè ovèdoz pase lòt. Lè yon moun fè ovèdoz nan opyoyid, sa ka fè vitès batman kè l ak respirasyon li ralanti. Lè yon moun fè ovèdoz nan estimilan (konsomasyon depase), sa ka fè li genyen divès kalite sentòm ki dire kèk tan, tankou akselerasyon vitès batman kè, ajitasyon, doulè nan pwatrin ak kè sote. Fèy sa a kapab ede ou idantifye chanjman ki fèt nan fason ou konsome dwòg ki kapab diminye risk ou genyen pou fè ovèdoz.

Se pa tout bagay nan fèy sa a ki obligatwa. Ou kapab sote kesyon ou pa vle reponn yo nenpòt lè. Pinga ou bay okenn enfòmasyon pèsònèl, tankou non ou, dat nesans ou oswa adrès ou. Fèy sa a se yon bagay sekre; nenpòt enfòmasyon ou pataje sou zafè konsomasyon dwòg p ap lakoz ou sibi sanksyon. Enfòmasyon ou yo ta dwe byen konsève (se ou menm ki pou fè sa lè ou ale avèk fèy sa a apre seyans ou an fini oswa responsab dosye a si li kenbe fèy la pou ou). Pinga ou bay enfòmasyon ki konsène konsomasyon dwòg ki ka afekte rezidans ou oswa sèvis ou resevwa.

Pratik Konsomasyon Dwòg

Ki dwòg (sa yo preskri oswa sa yo pa preskri) ou konn konsome? (Chwazi tout sa ki aplikab yo.)

- Ewoyin oswa fentanil Krak oswa kokayin Metanfetamin kristal Grenn (opyoyid)
 Grenn (benzodyazepin) Alkòl Lòt: _____

Kijan ou konsome dwòg sa yo? (Chwazi tout sa ki aplikab yo.)

- Respire oswa rale nan nen Fimen Nan piki Vale Lòt: _____

Ki kantite nan dwòg sa yo ou konn konsome an menm tan (pa egzanp, yon sachè, 2 gram oswa li varye)?

Pati ki vini annapre yo kapab ede ou evalye risk ou genyen pou fè ovèdoz epi reflechi sou fason ou kapab redui risk ou.

Riban Reyaktif pou Teste Dwòg

Èske ou itilize riban reyaktif pou teste fentanil oswa zilazin pou ka teste dwòg ou yo? Wi Non

Si se wi:

- Chak kilè oswa konbyen fwa ou itilize riban reyaktif yo pou teste dwòg ou yo?

- Ki dwòg ou teste? _____
- Kisa ou fè lè dwòg ou yo teste pozitif?

- Kisa ou fè lè dwòg ou yo teste negatif?

Melanj Dwòg

Èske ou konn konsome plizyè dwòg an menm tan? Wi Non

Si se **non**, ale dirèkteman nan Tolerans epi Medikaman pou Twoub Konsomasyon Opyoyid.

Si se **wi**:

- **Ki kalite dwòg? (Chwazi tout sa ki aplikab yo.)**
 Estimilan Depresè Antisikotik Alisinojèn
 - **Nan ki lòd ou pran dwòg sa yo?**
-
- **Èske ou kapab evite konsome plizyè dwòg alafwa?** Wi Non

Si ou pa kapab evite konsome plizyè dwòg an menm tan, èske ou kapab:

- **Konsome mwens nan chak dwòg?** Wi Non
- **Tann pou m wè kijan mwen santi m anvan m konsome yon lòt dwòg?** Wi Non

Tolerans epi Medikaman pou Twoub Konsomasyon Opyoyid

Èske ou te sispann konsome dwòg deja, menm pou yon (1) jou oswa de (2) jou? Wi Non

Si se **wi**, lè ou konsome dwòg apre yon pòz, èske ou kapab:

- **Konsome mwens pase kantite ou abitye konsome a sizoka tolerans ou ta diminye?**
 Wi Non
- **Konsome pi lantman (pa egzanp, respire li mwens, pike l nan kò ou pi dousman oswa ajoute plis dlo nan piki w la)?** Wi Non

Èske ou ap pran medikaman pou twoub konsomasyon opyoyid (medication for opioid use disorder, MOUD) kounye a, tankou methadone oswa buprenorphine (bupe)? Wi Non

Si se **wi**, èske ou gen ase nan medikaman preskripsyon w lan ki ka dire jiskaske pwochen randevou a rive?

Wi Non

Si se **non**, èske ou vle aprann plis bagay sou MOUD pou ede w jere konsomasyon opyoyid ou a?

Wi Non

Naloxone

Ki kote ou kapab jwenn yon kit naloxone si ou pa genyen youn oswa si w te itilize oswa pèdi pa w la?

Si ou pa sèten, pale sou opsyon yo avèk pèsònèl k ap ede w la.

Ki kote ou kapab konsève kit naloxone ou yo sizoka ou ta bezwen youn?

Kisa ki ka anpeche ou pote yon kit naloxone?

Èske ou mete kit naloxone ou an kote pou moun ka wè l lè w ap konsome dwòg? Wi Non

Èske gen moun bòkote ou ki genyen pwòp kit naloxone pa yo? Wi Non Mwen pa sèten

Èske gen moun bòkote ou ki konnen fason pou yo itilize naloxone? Wi Non Mwen pa sèten

Èske gen moun bòkote ou ki konnen kote ou konsève naloxone ou an?

Wi Non Mwen pa sèten

Èske li fasil pou moun jwenn naloxone nan anviwònman kote ou konn konsome dwòg la?

Wi Non

Kote a

Ki kote ou konn konsome dwòg?

Èske kote ou konn konsome dwòg la genyen pòt? Wi Non

Si se **wi**, èske pòt la ka fèmen a kle? Wi Non

Èske yon moun ap kapab wè ou kote sa a? Wi Non

Èske yon moun ap kapab verifye si ou byen oswa rive jwenn ou si ou fè ovèdoz nan kote sa a?

Wi Non

Èske ou oblije fè prese lè ou ap konsome dwòg kote a? Wi Non

Èske gen yon zòn esteril kote ou kapab prepare dwòg ou yo? Wi Non

Si se **wi**, èske zòn nan gen bon ekleraj ladan l? Wi Non

Kisa ou kapab fè pou w rann kote ou konn konsome dwòg la pi an sekirite?

Moun Ki Kapab Ede

Èske ou konsome dwòg poukont ou oswa avèk lòt moun?

Poukont mwen Avèk yon lòt moun Nan yon gwoup Tanto poukont mwen, tanto avèk lòt moun

Èske ou gen yon telefòn pòtab? Wi Non Pafwa

Si se **wi** oswa **pafwa**, èske ou kapab mete yon kwonomèt oswa alam sou telefòn ou an pou twa (3) a senk (5) minit yon fason pou yon moun ki toupre ou kapab verifye si ou byen si ou pa kapab dezaktive kwonomèt la oswa alam nan?

Wi Non

Si oswa lè ou konsome dwòg poukont ou, èske yon moun ki toupre ou kapab verifye si ou byen?

Wi Non

Si se **wi**, èske mwen kapab mande moun verifye si mwen byen si li pa pran nouvèl mwen nan twa (3) a senk (5) minit? Wi Non

Si se **non**, èske ou kapab rele oswa voye yon mesaj tèks bay yon moun ki pral voye èd si li pa pran nouvèl ou nan twa (3) a senk (5) minit? Wi Non

Si se **non**, èske ou kapab rele liy asistans "Never Use Alone" (Pa Janm Pran Poukont Ou an) nan 877-696-1966? Wi Non

Si oswa lè ou konsome dwòg avèk lòt moun:

- **Èske ou kapab itilize yon moun alafwa (itilizasyon espase) sizoka youn nan nou ta fè ovèdoz?**

Wi Non

- **Èske ou kapab kenbe naloxone anba men ou sizoka youn nan nou ta fè ovèdoz?**

Wi Non

- **Èske ou te pale sou fason pou nou youn pwoteje lòt si youn nan nou fè ovèdoz?**

Wi Non

Si se **non**, kijan ou ta kapab kòmanse konvèsasyon an? Pataje plan sekirite mwen

Poze yo kesyon sou plan sekirite yo Di yo kote mwen konsève naloxone mwen an

Lòt: _____

Sante Jeneral

Èske ou genyen nenpòt pwoblèm sante ki afekte respirasyon ou?

Opresyon Maladi pilmonè obstriktif kwonik (Chronic obstructive pulmonary disease, COPD)

Bwonchit Viris respiratwa Alèji Lòt: _____

Èske ou ap pran medikaman pou pwoblèm sante sa yo jan yo preskri w yo a? Wi Non

Si se **wi**, èske medikaman yo ap kontwòle sentòm ou yo? Wi Non

Si se **wi**, èske ou gen ase nan medikaman ki ka dire jiskaske pwochen randevou a rive?

Wi Non

Si se **non**, èske ou kapab rele pwofesyonèl swen sante w la pou w pran yon randevou pou fè suivi?

Wi Non

Si se **non**, èske ou kapab renouvle medikaman oswa pran yon randevou pou fè suivi avèk pwofesyonèl swen sante w la?

Wi Non

Èske ou fimen youn nan sibstans sa yo?

Tabak Kanabis K2 Krak Lòt: _____

Èske ou vle konnen mwayen ki genyen pou w kite fimen sibstans sa yo oswa redui konsomasyon yo?

Wi Non

Èske ou vle itilize patch nikotin oswa chiklèt pou w ka redui konsomasyon tabak ou?

Wi Non

Plan Sekirite Mwen Sizoka Gen Ovèdoz

Rezon ki fè mwen pa vle fè ovèdoz:

Risk mwen ka pran:

Risk mwen ka pa ka pran:

Estrateji pou mwen redui risk pou m fè ovèdoz:

Kijan m kapab pwoteje tèt mwen si mwen konsome dwòg poukont mwen:

Kijan m kapab pwoteje tèt mwen si mwen konsome dwòg avèk lòt moun:

Bagay ki fè li difisil pou mwen konsome dwòg nan fason ki pi an sekirite:

Resous mwen kapab jwenn pou mwen amelyore sante mwen epi redui risk pou mwen fè ovèdoz ak lòt domaj yo (pa egzanp, pwogram sèvis sereng, sant prevansyon ovèdoz ak sit kontwòl dwòg):

Mezi mwen kapab pran pou m amelyore sante m epi redui risk mwen yo:
